ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭЩІКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№93 (22.751) • 2014 гъэм накъыгъэм (майм) и 20, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Экзаменхэр къызэрыIахынум егугъуу зыхуагъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэ IуэхукIэ къэкIуащ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я IэнатIэм щыкIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Кравцов Сергей. КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрийрэ абырэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм зэрызыхуагъэхьэзырым теухуауэ иджыблагъэ къызэрагъэпэща зэIущIэм кърихьэлIащ зыхуэфащэ министерствэхэм, ведомствэхэм я унафэщIхэр, муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр.

ФЕДЕРАЛЬНЭ центрым иужьрей зэманым хэхауэ и нэIэ къыщIытригъэтым и щхьэусыгъуэр къэрал экзамен зэгуэтхэр нэгъабэ къыщыIахым ныкъусаныгъэ инхэр къызэрагъэхъуарщ.

- Апхуэдэ щытыкIэр гъэзэкIуэжынымкIэ дэ къыдбгъэдэхуэ къалэнхэр нэгъэсауэ къыдгуроIуэ, - зэIущIэм хэтахэм я пащхьэ къыщыщыпсалъэм жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - Абы къыхэкIыу Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я IэнатIэм щыкIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и методикэ дэIэпыкъуныгъэр къагъэсэбэпурэ, ди деж Iуэху пыухыкIахэр щызэфIагъэкIащ экзаменхэр тэмэму, зэIухауэ егъэкIуэкIыным хуэгъэзауэ.

Кравцов Сергей къыхигъэщхьэхукIащ республикэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къеIыхыным зыхуэгъэхьэзырынымкIэ лэжьыгъэ хъарзынэ зэрыщрагъэкIуэкIыр. «Пэж дыдэу, нэгъабэ федеральнэ центрыр щIэмыарэзы Iуэху щхьэхуэхэр щыIащ. Апхуэдэ щытыкIэр зыкIи сэбэп хъуркъым. Гу лъумытапIэр иIэкъым экзаменхэр къызэрыIахым хьэрэмыгъэ щыхалъхьэм и деж абы сабийхэм я щIэныгъэм зэрыкIэригъэхум, зэрыщыту егъэджэныгъэм и IэнатIэми цIыхухэм дзыхьышхуэ зэрыхуамыщIыжым. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зыхуэунэтIар дэтхэнэ зы сабийми и щIэныгъэр здынэсыр тэмэму къэпщытэнырщ икIи езыр щыпсэу къуажэм, районым, къалэм дэмыкIыу нэхъ игу ирихь вузым щIэтIысхьэнымкIэ Iэмалхэр къыхузэгъэпэщынырщ. ФIыуэ еджэ дэтхэнэ зыми экзаменхэр фIыуэ хуэтынущ. Ауэ а экзаменхэр бизнес Iуэху ящIыну щыхуежьэм и деж ар хэIущIыIу мыхъупIэ иIэкъым. Сабийхэр щыпсэу щIыпIэм емылъытауэ, абыхэм школыр къызэраухамкIэ экзаменхэр ятын папщIэ зэхуэдэ Iэмалхэр къахузэгъэпэщын хуейщ. Языныкъуэхэм деж жаIэ экзаменхэр къызэрыIах лэжьыгъэхэр зэхэзэрыхьауэ, мыгурыIуэгъуэу. ИпэжыпIэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, Iуэхур апхуэдэ дыдэу щыткъым. Дэтхэнэ предметымкIи экзаменхэр къызэрыIахыну вариант псори гъэ кIуам и щэкIуэгъуэ мазэ лъандэрэ зэIухауэ Интернетым илъщ икIи сабийхэм ахэр къагъэсэбэп.

Мы гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр еджакIуэ мин 750-рэ хуэдизым ятынущ. Къэралым и вузхэм бюджет ахъшэкIэ цIыху мин 500-м щIигъу щрагъэджэнущ, апхуэдэу курыт профессиональнэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэми къэрал ахъшэр хуаутIыпщ. КIэщIу жыпIэмэ, мы гъэм школыр къэзыух дэтхэнэ зыми еджэным адэкIи пищэн папщIэ Iэмал псори иIэнущ. Абы къыдэкIуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ экзаменхэр къызэрыIах щIыкIэм щIэ куэд зэрыхамылъхьэр, зэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэунэтIар информацэр хъумэнымкIэ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынырщ.

Экзаменхэр къызэрыIахыну материалхэр дэ а къэпщытэныгъэхэр щекIуэкIыну дэтхэнэ щIыпIэми и зэманым яIэрыдгъэхьэнущ. Конвертыр къеIызыхынухэм яхэтынущ еджапIэм и унафэщIыр, республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм къэрал экзаменхэр къеIыхынымкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэр, жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэр, абыхэм федеральнэ кIэлъыплъакIуэри яхэту. Къэралым и Президентым ищIа унафэм тету дэтхэнэ пэшми видеокамерэхэр щIэтынущ икIи экзаменхэр къызэрыIах щIыкIэр ИнтернеткIэ къатынущ. Апхуэдэ камерэхэр экзаменхэр къеIызыххэми экзаменхэр зытхэми сэбэп яхуохъу. Абы къыдэкIуэу видеокамерэхэр дэIэпыкъуэгъущ ныкъусаныгъэхэр, мыхъумыщIагъэхэр къыщIэгъэщынымкIи.

Япэ экзаменхэр литературэмкIэ, географиемкIэ накъыгъэм и 26-м къыIахынущ. Абыхэм къарикIуэхэм елъытауэ щытынукъым аттестатхэр къратыныр е кърамытыныр. КъыкIэлъыкIуэ экзаменыр накъыгъэм и 29-м урысыбзэмкIэ къыIахынущ. Мис ар къызэрыIахым куэдкIэ елъытауэ щытынущ къыкIэлъыкIуэ экзаменхэри зэрекIуэкIынур», - жиIащ Кравцов Сергей.

ЗэIущIэр иуха иужь Кравцов Сергейрэ КIуэкIуэ Юрийрэ журналистхэр зыщIэупщIахэм жэуапхэр иратащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

"Кабардинка"-м зыщIагъакъуэ

Бжыхьэ кIуам илъэс 80 ирикъуащ дуней псом щыцIэрыIуэ «Кабардинка» къэфакIуэ ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ. Ауэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу, а пIалъэм гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр ирамыщIэкIыу къэнащ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкIащ гуп цIэрыIуэр гъэлъэпIэным хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэр убзыхуным теухуа зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм щыщхэр, ухуакIуэ, подряд IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр.

Ансамблым и Iуэхур иджыпсту зэкIэлъыкIуащэкъым. Абы зыщигъэсэн унэ иIэкъым. ЗэгъэбыдылIауэ щытар курортым и щэнхабзэ IуэхущIапIэрти, ар илъэс зыбжанэ лъандэрэ яхузэгъэпэщыжыркъым. Ансамблым транспорт иIэкъым, фащэхэр жьы хъуащ, артистхэм ират улахуэри мылIэIусу ращ.

Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Фырэ Руслан, щэнхабзэмкIэ министр Къумахуэ Мухьэдин сымэ яхуигъэуващ ансамблым и юбилейр КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм техуэу зэрагъэлъэпIэнум хуагъэхьэзырыну икIи абы и лъэныкъуэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я планыр къыхалъхьэну. Апхуэдэу КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Тутыкъу Анзор къалэн щищIащ курортым и щэнхабзэ унэр зэгъэпэщыжыныр мазищым къриубыдэу зэфIигъэкIыну, а IуэхущIапIэр иджырей зэманым щыIэ мардэхэм тету зэтригъэувэну.

- Дэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым и зэфIэкIрэ гуащIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр ди хэкум и мызакъуэу, къэрал куэдым зэман кIыхькIэ щызыIэта ветеранхэм пщIэшхуэ зэрахуэфащэр, - щыжиIащ КIуэкIуэ Юрий зэIущIэм.

Къызэхуэсахэр хэплъащ республикэм и адрей къэфакIуэ ансамбль пэрытхэми зегъэужьынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэунэтIар цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынырщ

Прасолов Дмитрий, *гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым этнологиемкIэ и секторым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат:*

- УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и къулыкъум Меликов Сергей зэрагъэувар сфIэтэмэмщ. Ар езыр Кавказым къыщалъхуащ, дзэм хэту мы щIыналъэм къулыкъу щищIащ. Абы къегъэлъагъуэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным пыщIа къалэнхэр дэгъэкIыным къэралым гулъытэ хэха щыхуащIу зэрыхуежьар.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министерствэм и Iэтащхьэ хъуащ нэхъ япэкIэ Хлопонин Александр дэлажьэу щыта Кузнецов Лев. Иджы а тIури зэпыщIауэ щытынущ, сыту жыпIэмэ, УФ-м и Правительствэм щыщу министерствэщIэр зи нэIэ щIэтынур Хлопонин Александрщ.

Пащты Борис, *КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ комитетым и япэ секретарь:*

- УФ-м и Iэтащхьэхэм къащта иужьрей унафэхэр Кавказ Ищхъэрэр къэралым хэкIыну хущIэкъу хуэдэу ягъэIу псалъэмакъхэм я жэуапщ. Кавказ Ищхъэрэм унафэр зэрыщызэрагъакIуэ щIыкIэр яхъуэжащ. Абы Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым къыхуихьыну дызыщыгугъхэм ятепщIыхьмэ, апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр тэмэму икIи гъэщIэгъуэну къызолъытэ. Ди деж щагъэзащIэ проектхэр зэман кIыхьым тещIыхьащ икIи абыхэм япкъ иткIэ промышленностым, туризмэм, мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным хуэгъэза политикэм хэплъэжын хуейщ. А псори къэралыр хэту икIи абы и нэIэм щIэту егъэкIуэкIыпхъэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ министерствэм, ар властым и гъэзэщIакIуэ IэнатIэу зэрыщытым къыхэкIыу, унафэ пыухыкIахэр къыхуэщтэнущ икIи хупхыгъэкIынущ. Апхуэдэу, сэ с ызэреплъымкэ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Меликов Сергей зэрагъэувам къегъэлъагъуэ щIыналъэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным нэхъ егугъун хуейуэ къызэралъытар.

Абшаев Магомет: *«Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и совет нэхъыщхьэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и действительнэ член:*

- Мы къулыкъущIэхэр зэрагъэувам псом япэу къыдэкIуэн хуейр экономикэ зыужьыныгъэмрэ цIыхухэм я шынагъуэншагъэр зэтегъэувэнымрэщ. Ди щIыналъэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэм къэс унафэ пыухыкIа щытращIыхьакъым щIым и Iуэхум. Мис а къалэныр арауэ къыщIэкIынщ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщыр. Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм ис псоми ялъысын хуейщ езыхэр къарууэ ябгъэдэлъыр етауэ зытелэжьыхьын щIыхэр. А щIыри захуагъэ хэлъу трамыгуашэу хъунукъым, сыту жыпIэмэ, нобэ хэт гектар мин иIыгъщ, адрейхэм зыри ялъысыркъым. Мис а Iуэхур дагъэкIмэ, япэрауэ, лэжьапIэншэхэр нэхъ мащIэ хъунущ, етIуанэрауэ, щIыналъэм иIэпхъукIхэм я бжыгъэми кIэрыхунущ, апхуэдэу сырьем елэжь промышленностым зегъэужьынымкIэ щIэгъэкъуэн нэхъ хъунущ икIи Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я экономикэр къиIэтынущ. Аращ цIыхухэм я шынагъуэншагъэм къежьапIэ хуэхъунури. Лэжьыгъэм пэрыт, зи гуащIэм ирипсэуж цIыхум зэи хабзэншагъэ илэжьынукъым.

КъБР-м и Парламентым

Хуитыныгъэ иратыну пIэрэ?

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэIущIэр.

ДЕПУТАТХЭР абы щыхэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм зэрыхах щIыкIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. Законодательствэмрэ къэрал ухуэкIэмкIэ комитетым и унафэщI Мэремыкъуэ Арсен къыщыпсалъэм зэрыжиIамкIэ, мы документым законкIэ щIегъэбыдэ КъБР-м и Iэтащхьэр КъБР-м и Парламентым и депутатхэм хахамэ, ар и къулыкъум щыпэрыувэ пIалъэр. Законопроектым иратхащ КъБР-м и Iэтащхьэр КъБР-м и Парламентым и депутатхэм щыхаха сыхьэтым щегъэжьауэ къулыкъум пэрыуваэу къэлъытэн икIи КъБР-м и Конституцэм ипкъ иткIэ абы занщIэу тхьэрыIуэ къиихьын зэрыхуейм теухуа мардэ.

Парламентархэм федеральнэ закон зыбжанэм я проектхэм зэрыхэплъам теухуа унафэ къащтащ, апхуэдэу УФ-м и субъектхэм законхэр къыдэзыгъэкI я органхэм къабгъэдэкI жэрдэм щхьэхуэхэм тепсэлъыхьащ. Президиумым хэтхэм даIыгъакъым «Урысей Федерацэм и цIыхухэм пэрыуэ щымыIэу Урысей Федерацэм кърихьыдэу къыщакIухьынымкIэ икIи псэупIэ ящIыну щIыпIэхэр зэрыхуейуэ къыхахынымкIэ яIэ хуитыныгъэхэм я IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Законым и 4-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ Ставрополь крайм и Думэм къигъэхьа жэрдэмыр. А документым къыхелъхьэ Iэпхъуэшапхъуэхэм я Iуэхум ехьэлIа кIэлъыплъыныгъэ егъэкIуэкIынымкIэ полномочиехэр зиIэ гъэзэщIакIуэ органхэр здэщымыIэ щIыналъэхэм къыщыувыIа цIыхухэр тхынымкIэ хуитыныгъэр щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм етын хуейуэ.

Социальнэ мыхьэнэ хэха налог Iуэхум зэриIэр къалъытэри, депутатхэм даIыгъащ «Урысей Федерацэм и налог органхэм я IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Законым и 12-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ Амур областым Законхэр къыдэзыгъэкI и Зэхуэсым Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм къыщыхилъхьа законопроектыр.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм апхуэдэу даIыгъащ «ЖьыгъэкIэ е ныкъуэдыкъуагъэкIэ пенсэхэр зрат, Ищхъэрэ щIыналъэ пхыдзахэм е абыхэм япэлъытахэм щыпсэу пенсионерхэр Урысей Федерацэм и щIыналъэм къриубыдэу зыгъэпсэхуакIуэ щыкIуэкIэ, къыщыкIуэжкIэ гъуэгупщIэу ятым щыщ зэрыхуапшыныж Хабзэхэр къэщтэным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ Мурманск областым и Думэм УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий зэрызыхуагъэзар. Абы иубзыху Iуэху нэхъыщхьэр лэжьапIэ IэнатIэ Iумыт пенсионерхэм ядэIэпыкъунырщ.

Псори зэхэту зэIущIэм Iуэху зэмылIэужьыгъуэ 15-м щIигъум щыхэплъащ икIи абыхэм ятеухуауэ зыхуэфащэ унафэхэр къащтащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм гу зылъатапхъэ

2014 гъэм етIуанэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тедзэным хиубыдэу накъыгъэм и 15-30-хэм къызэрагъэпэщ урысейпсо лэжьыгъэм хиубыдэу цIыхухэм хукIэрагъэхунущ языныкъуэ центральнэ газетхэмрэ журналхэмрэ я уасэхэм.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIэвдз хъунущ республикэм связымкIэ и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Бгы куэщIым щекIуэкIа «Шемякин и гъатхэр»

Репортаж

Къардэн Хьэсэн и псалъэ.

Накъыгъэм и япэ махуэхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ махуитхукIэ щекIуэкIащ «Шемякин и гъатхэ» фестивалыр.

АР къызэрагъэпэщащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я союзым, Дунейпсо. Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, КъБКъУ-м Гъуазджэмрэ СМИ-мкIэ и факультетым. Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ «Иткол» хьэщIэщым фестивалым хэтхэр щIэзыгъэса, «Физкультурэ. Узыншагъэ. Спорт» фондым и унафэщI **Къардэн Хьэсэн.** Абы зэрыжиIамкIэ, фестивалыр мы гъэм еплIанэу йокIуэкI. Къардэнхэ къыхалъхьа Iуэхур - Шемякин-Къардэн Михаил и цIэкIэ фестиваль егъэкIуэкIыныр - диIыгъащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я союзым. «СурэтыщI ныбжьыщIэхэм я Iэзагъэр щагъэлъагъуэ, я зэфIэкIым щыхагъахъуэ утыкуу аращ мыр, - жеIэ Хьэсэн. - Республикэм ит художественнэ школхэм я гъэсэнхэр хэту къежьауэ щытащ, ауэ иджы гъунэгъу хэгъуэгухэм я школакIуэхэри студентхэри къокIуэ. Мы гъэм кърихьэлIащ Владикавказ, Псыхуабэ, Дон Iуфэ Iус Ростов къалэхэм щыщхэри. Мыр Iуащхьэмахуэ лъапэ зэрыщекIуэкIым фIы куэд къыдокIуэ. Сыту жыпIэмэ, ныбжьыщIэхэр лажьэ къудей мыхъуу, икIи загъэпсэху, ди щIыпIэ дахэхэр зрагъэлъагъу, сурэтыщI цIэрыIуэхэм мастер-классхэр драгъэкIуэкI. Мыпхуэдэ зэхуэсхэр республикэм и туризм, хьэрычэт Iуэхухэм дежкIи сэбэпщ. Ди гъунэгъухэм, Урысейм щыпсэухэм ялъагъу ди лъахэр зэрыдахэри, зэрымамырри, ди цIыхухэр зэрыгуапэри. Ар лъабжьэ хуэхъунущ зэдэлэжьэныр нэхъыфIу зэтеубла хъуным».

Къардэн Хьэсэн зи унафэщI «Иткол» хьэщIэщым и пэIущIэ пэшышхуэм гъэлъэгъуэныгъэ ин къыщызэрагъэпэщат. МахуиплIкIэ екIуэкIа фестивалым хэта сурэтыщI ныбжьыщIэхэм яIэдакъэщIэкIхэрат ягъэлъагъуэр. Абы зыщаплъыхьырт фестивалым и къэпщытакIуэ гупым, нэхъыфIыр зрагъэлъагъуэрт, сабийхэм я гупсысэмрэ Iэзагъымрэ здынэсыр зрагъащIэрт, зэчэнджэщырт. Езы цIыкIухэми гукъыдэж я куэдти, макъамэ щабэм щIэту кIэух пшыхьым зыхуагъэхьэзырырт.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Хъыбар гуапэ

Европэм и чемпион Мудрэн Аслъэн

Мазэ ипэкIэ Франджым щекIуэкIа дзюдомкIэ и чемпионатым Мудрэн Беслъэн дыщэ медалыр къызэрыщихьам ди газетыр тетхыхьащ. Иджы абы и къуэш Аслъэни Румынием и къалащхьэм апхуэдэ дыдэ ехъулIэныгъэ щызыIэригъэхьащ.

МУДРЭН Аслъэн зыкъыщигъэлъагъуэр самбо спорт лIэужьыгъуэращ икIи абы ехъулIэныгъэ телъыджэхэр щиIэщ. Къапщтэмэ, ар студентхэм я дунейпсо чемпионатым 2008 гъэм щытекIуащ, илъэсиплI дэкIри, ардыдэм дыжьын медалыр щызыIэригъэхьащ.

Нэгъабэ екIуэкIа Европэм и чемпионатым Мудрэн Аслъэн финалым нэсащ. АрщхьэкIэ, абы къыщыхагъащIэри, етIуанэ увыпIэм къыщыувыIащ.

Иджы Мудрэным къыпэлъэщын къыкъуэкIакъым. Килограмм 62-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм къыщыпэува псори абы хигъэщIащ. Псом хуэмыдэу ар щылъэщащ финалым икIи Молдавием щыщ Наку Октавиан зыми шэч къытримыгъыхьэу тридзащ.

Дунейпсо класс зиIэ спортым и мастер Мудрэн Аслъэн Къэбэрдей-Балъкъэрым самбом зыщыхуигъэсащ. Иджыпсту абы и Iэзагъым Краснодар крайм щыхегъахъуэ икIи абы и цIэкIэ утыку къохьэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Iэмбатэ зэрымытым Iэтэ ирагъэувэ

УФ-м и Президент Путин Владимир къэралым зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Шойгу Сергей хуищIа унафэм ипкъ иткIэ Украинэм и гъунапкъэхэм къыIуашыжащ урысеидзэхэр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я гуп хэхахэм гъатхэ лъандэрэ зыщагъасэ Ростов, Белгород, Брянск областхэм щыIэ полигонхэм. АдэкIэ я къулыкъум щыпащэну иджы ахэр кIуэжащ зэгъэбыдылIа частхэм.

Украинэм километрипщI бжыгъэкIэ фIэкIа пэмыжыжьэу ди къэралыдзэхэм зэрызыщагъасэр псалъэмакъ щащIащ Европэми США-ми. ОБСЕ-м иджыпсту и унафэщI Буркхальтер Дидье, НАТО-м и унафэщI Расмуссен Андерс сымэ къыхагъэщащ урысеидзэм щыщ частхэр Украинэм и гъунапкъэм зэрекIуэлIам зэригъэгузавэр.

А Iуэхум ущIэшынэн лъэпкъ зэрыхэмылъыр, иджы япэу къызэрагъэпэщ зыгъэсэныгъэу ахэр зэрыщымытыр УФ-м мызэмытIэу ягуригъэIуа пэтми, езыхэр зыхуейм трагъэчыныхь модрейхэм. США-ми Европэми я къэрал щIыб ведомствэхэм Iуэхур зытращIыхьыр спутникхэм къата сурэтхэрщ, ауэ ахэр нэгъабэ гъэмахуэм трахауэ зэрыщытым икIи иджыпсту щыIэ щытыкIэм зыкIи зэремызэгъым гу лърагъэтэжащ ныкъуэкъуэн зи мыжагъуэ политикхэм.

Псыр IэубыдыпIэншэщ

Махуэ зыбжанэкIэ зэкIэлъыкIуэу уэшхышхуэ зэрыщешхам и зэранкIэ, псыдзэ зыщIэуа Сербием и къалэхэм, къуажэхэм щытыкIэр иджыри гугъу дыдэу щыщытщ.

Языныкъуэ щIыпIэхэм деж псым метритхум нэсу зыкъыщиIэтащ, уеблэмэ Босниемрэ Герцеговинэмрэ я гъунапкъэхэм ар метрибгъум щыноблагъэ. Апхуэдэ щIыпIэхэм цIыху мин 16-м нэблагъэ кърагъэIэпхъукIащ.

Сербием и премьер-министр Вучич Александр къэралхэм захуигъэзащ щытыкIэ гугъум къикIынымкIэ зыкъыщIагъэкъуэну елъэIуу. Ауэ дуней къэхъукъащIэм гузэвэгъуэ хидза къэралым зэкIэ дэIэпыкъуэгъу хуэхъур УФ-м и закъуэщ. Абы Сербием хурегъашэ иджыпсту Iэмал имыIэу зыхуеинкIэ хъуну хьэпшыпхэр, хущхъуэхэр, ерыскъыхэкIхэр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, псыдзэм гъуэгуу, псэупIэу, нэгъуэщI ухуэныгъэ зэхуэмыдэу куэд дыдэ зэрызэтрикъутам, хэщIыныгъэшхуэ къызэрихьам и закъуэкъым, абы цIыху тхущIым щIигъу хэкIуэдауэ къат.

ТIэунейрэ ятыжыну хуит ящI

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрат хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным щыхоплъэ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм.

Абы и пресс-IуэхущIапIэм зэрыщыжаIамкIэ, къэпщытэныгъэм зэуэ пхымыкIыфахэм зы илъэсым ар тIэунейрэ ятыжыну хуит ящIынущ 2016 гъэм щыщIэдзауэ.

Предмет нэхъыщхьэу къалъытэ урысыбзэмрэ математикэмкIэ экзаменхэм пэмылъэщахэм ар етIуанэу ирагъэтыжу арат нэхъапэм. Иджы еджакIуэр арэзы зытехъуэж балл бжыгъэхэр, ар сыт хуэдэ предметымкIи ирехъуи, къыхуэмыхьамэ, а экзаменыр тIэунейрэ итыж хъунущ.

Нобэ

♦**Метрологием и дунейпсо махуэщ**. 1875 гъэм Париж къыщащтащ метр, литр, килограмм пщалъэхэр.

♦1939 гъэм «КъБР-м и цIыхубэ артист», «КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэхэр ягъэуващ.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гугу Рэшад** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЖьэкIэмыхъу Мусэбий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэх Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и санитар дохутыр нэхъыщхьэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Ачырэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радиом и адыгэбзэ нэтынхэм я редактор нэхъыщхьэ **Тэтрокъуэ Астемыр** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦«Черкес хэку» газетым жэуап зыхь и секретарь **Абидокъуэ Люсанэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 21-рэ, жэщым градус 14 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЩIэр жьы мэхъури, жьыр щIэ хъужыркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Зэзыгъэкlуж и судыщlэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкlэ къулыкъущlапlэм теухуа Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м къыдигъэкla Указ №19-УП-мкlэ къищтам, зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Зэзыгъэкlуж и судыщlэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкlэ къулыкъущlапlэм теухуа Положенэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Зэзыгъэкlуж и судыщlэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкlэ къулыкъущlапlэм и lуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м къыдигъэкla Указ №19-УП-мкlэ къищтам, мы къыкlэлъыкlуэ зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 7-м и епщlанэ абзацым кlэлъыкlуэу абзацыщlэхэр щlыгъужын мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу иту:

«зэзыгъэкlуж судыщlэхэм я бгъэхэlу дамыгъэхэмрэ удостоверенэхэмрэ гъэхьэзырыныр къызэрегъэпэщ, ахэр учет ещl;

законодательствэм къызэригъэув хабзэм тету къэрал lуэхухэр дигъэкlын папщlэ товархэр, лэжьыгъэхэр, lуэхутхьэбзэхэр къещэху;

езым и унафэм зэрыхиубыдэм тету къэралым и щэхуу щытхэр ехъумэ;»;

б) пункт 8-м мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу зэрыт абзацхэр дыщlыгъужын:

«зыхуэфащэ лэжьыгъэ lэнатlэхэм зэзыгъэуlу, чэнджэщэгъу органхэр (советхэр, комиссэхэр, гупхэр) къыщызэригъэпэщыну;

зыхуэфащэ лэжьыгъэ lэнатlэм пыщla lуэхухэр зэпкърахын папщlэ щlэныгъэ, къинэмыщl организацэхэр, еджагъэшхуэхэмрэ lэщlагъэлlхэмрэ щыlэ хабзэхэм тету къригъэблэгъэну.»;

в) пункт 9-м и етlуанэ абзацым хэт «Къулыкъущlапlэм и пщэ дэлъ къалэнхэм» псалъэхэр зэхъуэкlын «Къулыкъущlапlэм и пщэ дэлъ къалэнхэмрэ lуэхухэмрэ, апхуэдэу Къулыкъущlапlэм коррупцэм пэщlэтынымкlэ лэжьыгъэр зэрыщыгъэувам» жиlэу;

г) пункт 11-м:

етхуанэ абзацым кlэлъыкlуэу абзацыщlэ дэщlыгъужын мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу иту:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущlэхэр lэнатlэм пэрытынымкlэ хабзэхэр зэрагъэзащlэмрэ зэныкъуэкъухэр дэгъэкlынымкlэ комиссэм и лэжьыгъэр, апхуэдэу коррупцэм пыщla lуэхухэмрэ адрей хабзэншагъэхэмрэ къэмыгъэхъунымкlэ лэжьыгъэр къызэрегъэпэщ;»;

еханэ абзацыр мы къыкlэлъыкlуэм хуэдэу къэхьын:

«Къулыкъущlапlэм и лэжьакlуэхэм я lэщlагъэмрэ щlэныгъэмрэ хэгъэхъуэныр къызэрегъэпэщ;»;

д) пункт 14.1-м хэт «КъБР-м ОДМС-мкlэ и къулыкъущlапlэ» псалъэхэр зэхъуэкlын «КъБР-м и ОДМС къулыкъущlапlэ» жиlэу.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пlалъэкlэ зыгъэзащlэ
КlУЭКlУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м
№89-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкlэ щыlэ комиссэм хэтхэр къэщтэным и lуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкlэ щыlэ комиссэм хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къару ямыlэжу къэлъытэн :

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкlэ щыlэ комиссэм и lуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм щlышылэм и 24-м къыдигъэкla Указ №8-УГ-м и пункт 2-м и ещанэ абзацым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкlэ щыlэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм щlышылэм и 24-м къыдигъэкla Указ №8-УГ-мкlэ къищтам, зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным и lуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыдигъэкla Указ №39-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкlэ щыlэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм щlышылэм и 24-м къыдигъэкla Указ №8-УГ-мкlэ къищтам, зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным и lуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2013 гъэм щlышылэм и 22-м къыдигъэкla Указ №11-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкlэ щыlэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм щlышылэм и 24-м къыдигъэкla Указ №8-УГ-мкlэ къищтам, зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным и lуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щlышылэм и 22-м къыдигъэкla Указ №20-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъуэт lэ щыщlэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пlалъэкlэ зыгъэзащlэ
КlУЭКlУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м
№96-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м къыдигъэкla Указ №96-УГ-мкlэ къищтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкlэ щыlэ комиссэм хэтхэр

Храмов К. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlыр *(Комиссэм и тхьэмадэщ)*

Альтуд Ю. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и япэ къуэдзэр *(Комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщlым и къалэнхэр зыгъэзащlэр *(Комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэр *(Комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

<u>Щlэныгъэмрэ техникэмкlэ секцэм</u>

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я lуэхухэмкlэ и министрыр *(секцэм и унафэщlщ)*

Иуан П. М. - Урысейм Щlэныгъэхэмкlэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щlэныгъэ центрым и президиумым и тхьэмадэр *(секцэм и унафэщlым и къуэдзэщ, зэгурыlуауэ)*

Амщокъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщlыр *(зэгурыlуауэ)*

Берычэт А. С. – «Хуабэсервис» щlэныгъэ-производствэ фирмэ» жэуап зэхэгъэщхьэхукla зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр, «Телемеханика» технопаркым и унафэщlхэм я советым и тхьэмадэр *(зэгурыlуауэ)*

Бесчокъуэ Р. М. – «Кlуэкlуэ В. М. и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапlэм щlэныгъэ lуэхухэмрэ инновацэ лэжьыгъэмкlэ и проректорыр *(зэгурыlуауэ)*

Бышэн А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъур

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и комитетым и унафэщlыр *(зэгурыlуауэ)*

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь.М. и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапlэм и ректорыр *(зэгурыlуауэ)*

Кладько И. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкlэ и министрыр

Малкандуев Ю. А. - «Бэрбэч Хь. М. и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапlэм инновацэ лэжьыгъэмкlэ и проректорыр *(зэгурыlуауэ)*

Савинцев А. П. - «Бэрбэч Хь. М. и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапlэм щlэныгъэ-къэхутэныгъэ, инновацэ лэжьыгъэмкlэ, информатизацэмкlэ и проректорыр *(зэгурыlуауэ)*

Саенкэ Т. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэр *(зэгурыlуауэ)*

Тапасханов В. О. - Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм кlэлъыплъынымкlэ федеральнэ къулыкъущlапlэм и «Къурш геофизикэ институт» федеральнэ къэрал бюджет lуэхущlапlэм и унафэщlыр *(зэгурыlуауэ)*

Федченкэ Л. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Унафэщlым и къуэдзэр *(зэгурыlуауэ)*

<u>Литературэмрэ гъуазджэмкlэ секцэм</u>

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкlэ и министрыр *(секцэм и унафэщlщ)*

Зумакуловэ Т. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цlыхубэ усакlуэр *(секцэм и унафэщlым и къуэдзэщ, зэгурыlуауэ)*

Бозий Н. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэр *(зэгурыlуауэ)*

Вэрокъуэ В. Хъ. - Урысейм и щэнхабзэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Кинематографистхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр *(зэгурыlуауэ)*

Кхъуэlуфэ Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тхакlуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр *(зэгурыlуауэ)*

Котляров В. Н. - «Эльбрус» журналым и редактор нэхъыщхьэр, «Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапlэм» и редактор нэхъыщхьэр *(зэгурыlуауэ)*

Логоватовский Ю. С. - Урысей Федерацэм и Архитекторхэм я союзым и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм и правленэм и тхьэмадэр (зэгурыlуауэ)

Опрышкэ О. Л. - Урысей Федерацэм и Тхакlуэхэм я союзым хэтыр *(зэгурыlуауэ)*

Темыркъан Б. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Композиторхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр *(зэгурыlуауэ)*

Темыркъан Г. Ж. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Художникхэм я союзу «Урысейм и Художникхэм я союз» Урысейпсо творческэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хиубыдэм и тхьэмадэр *(зэгурыlуауэ)*

Уянаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэджэщэгъур

Фырэ М. Д. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Театр лэжьакlуэхэм я союзым и правленэм и унафэщlыр *(зэгурыlуауэ)*

● Шынагъуэншагъэ

НыбжьыщIэхэр сыткIи къызэгъэпэща?

<u>Къэрал кIуэцI Iуэхухэмк Iэ министерствэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ гъэмахуэ курорт лъэхъэнэм жылагъуэ хабзэмрэ цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыным теухуа зэIущIэ.</u>

КЪЭРАЛ кIуэцI Iуэхухэмк Iэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей иригъэкIуэкIа а зэIущIэм хэтащ КъБР-мкIэ МВД-м и къулыкъу, IэнатIэ нэхъыщхьэхэм я унафэщIхэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ, балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ къудамэм и унафэщI полицэм и полковник **Нэгъуей Мухьэмэд** и докладым къызэрыхэщамкIэ, нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIынухэр хэмыту, гъэмахуэ курорт лъэхъэнэм республикэм санаторэхэмрэ и гъэмахуэ лагерхэмрэ сабий мин 14-м зыщагъэпсэхуныр къызэрагъэпэщынущ.

Накъыгъэм и 12-25-хэм кърихубыдэу зыгъэпсэхупIэхэмрэ сабий лагерхэмрэ терророрым зэрыщыхъумам, зызыгъэпсэхунухэр кърагъэблэгъэным зэрыхуэщIам, сатумрэ зэрагъэшхэну ерыскъыхэкIхэмкIэ хабзэм ипкъ иткIэ къызэрагъэпэщыным, фадэ, тутынхэкIхэр узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэхэм и гъунэгъуу ящэныр хэгъэкIыным зэрыхуэщIар къиппщытэнущ.

Санаторэхэм, пансионатхэм, зыгъэпсэхупIэ унэхэм щыфIадзэнущ КъБР-м щыIэ МВД-м и плъыр частхэм, полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я телефонхэм, «дзыхь зрагъэз» телефонхэм ятеухуа хъыбархэр. Дэтхэнэ зы IэнатIэми

жэуап зыхь лэжьакIуэ ирагъэбыдылIэнущ, зызыгъэпсэху сабийхэм хабзэр къызэпаудыныр, балигъ мыхъуахэм щIэпхъаджагъэхэр ялэжьыныр къэмыгъэхъун и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэхэр драгъэкIуэкIынущ.

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм гъуэгухэм шынагъуэншэу щызекIуэныр къызэгъэпэщыным тепсэлъыхьащ КъБР-мкIэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщI полицэм и полковник Бэджыдэ Юрэ. Абы зэрыжиIамкIэ, ДПС-м къалэнхэр щрахьэкIынущ санаторэ-курорт IуэхущIапIэхэм нэхъ пэгъунэгъуу.

Узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэхэм я гъунэгъу уэрамхэр, гъуэгухэр, санаторэ-курортхэм я екIуэлIапIэхэр накъыгъэм и кIэ пщIондэ къапщытэнущ.

Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэгъэпэщыным гулъытэ щхьэхуэ зыхуэщIыпхъэу Бэджыдэ Юрэ къыхигъэщащ зэгъэуIуа гупхэр къызэрырашэкIыну къагъэсэбэп транспортхэм кIэлъыплъыныр. Къэрал автоинспекцэм зызыгъэпсэхухэр къызэрырашэкIыну автобусхэмрэ автомашинэхэмрэ я техникэ щытыкIэр къепщытэ.

Республикэм и егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэм тетыным теухуауэ адэ-анэхэм я зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIынущ.

Къызэхуэсахэм защыхуигъазэм Васильев Сергей жылагъуэ хабзэр, республикэм и санаторэ-курорт IуэхущIапIэхэм зыщызыгъэпсэхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ Iэмал псори пхагъэкIыну къалэн ящищIащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Гъэмахуэм зыхуагъэхьэзыр

<u>Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэм зыщыхъумэнымрэ апхуэдэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и комиссэм зи чэзу зэIущIэ.</u>

УРЫСЕЙ МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ полковник **Надежин Михаил** зэIущIэр къызэIуихри, щIыпIэ самоуправленэхэм я Iэтащхьэхэм уэшхышхуэ къызэрешхынум къыхэкIыу псыежэх мыинхэм я Iуфэхэм я щытыкIэм гулъытэ щхьэхуэ хуащIыну чэнджэщ яритащ.

- Накъыгъэм и 13-м псышхуэхэм ящыщу зыри къыдэкIуеякъым, ауэ Шэрэдж куейм псы цIыкIухэр къыщиури, нықъусаныгъэхэр кърикIуащ, жиIащ абы.

Уэсукхъуэ къехынымкIэ шынагъуэ щыщыIа лъэхъэнэм кърикIуахэм къытеувыIащ Росгидрометым Кавказ Ищхъэрэм щиIэ къулыкъум и къудамэм и унафэщI **Шабельников Владимир**. Абы къызэрыхигъэщащи, щIымахуэм уэсу къесар мащIэщ, зэрыщыту Кавказым хуабэр нэхъ щытекIуащ. Уэсукхъуэм пэщIэт гупым и лэжьакIуэхэр абыхэм щыхэуар тIэу къудейщ.

Надежин Михаил къигъэлъэгъуащ хьэщIэщхэр шынагъуэ зыпылъ щIыпIэхэм ипх щымыхъунукIэ, шынагъуэ къэхъу хъужыкъуэмэ, Iэмал имыIэу и чэзум хъыбар егъэщIэн икIи цIыхухэр игъэIэпхъукIын зэрыхуейр.

ЗыгъэпскIыгъуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ инспектор нэхъыщхьэ **Бетрожь Алик**. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, Iэмал имыIэу зэфIагъэкIын хуей, гулъытэ зыхуэщIыпхъэхэр зэхагъэуващ, абыкIэ жэуап зыхьхэр ягъэуващ. Псым зыщыщагъэпсэху щIыпIэу республикэм 11 иIэщ: 8-р зыгъэпскIыпIэщ, щыр - кхъуафэжьейхэр къагъэсэбэпыну щат, абыхэм я гъэувыпIэщ. Абыхэм я техникэ щытыкIэр мэкъуауэгъуэм и 4-м ирихьэлIэу къапщытэнущ.

Псыдзэм зыщыхъумэным, зыгъэпскIыгъуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым, медицинэ, еджапIэ IэнатIэхэм, социальнэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэм, цIыху зэхуэсыпIэхэм мафIэс шынагъуэншагъэр къызэрыщызэгъэпэщам, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми гулъытэ щхьэхуэ щыхуащIащ зэIущIэм. Республикэм и Гидрометцентрым къигъэлъэгъуащ бгыхэм уэсу щыIэр зыхуэдизыр къэхутэнымкIэ Iуэхугъуэхэр зэрырагъэкIуэкIар. Абыхэм къарикIуахэм ятепщIыхьмэ, уэсу зэтрихьар мардэм нэхърэ хуэдитIым нэблагъэкIэ нэхъ мащIэщ икIи мы гъэмахуэм псыдзэ шынагъуэ щымыIэным трагъащIэ.

КъБР-м мафIэсым кIэлъыплъынымкIэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэ **Хьэжыкъарэ Мухьэмэд** къызэригъэлъэгъуащи, мафIэс шынагъуэншагъэм теухуа Iуэхухэм наркологие, психоневрологие диспансерхэм хуэфащэн гулъытэ щыхуащIыркъым. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм мы гъэм а Iуэхум сом мелуан 15 хухихын хуейщ. Ауэ зэкIэ мылъкур яIэрыхьакъым. МафIэс шынагъуэншагъэмкIэ Iэмэпсымэхэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэу 33-м, зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр зэкIуалIэ егъэджэныгъэ IэнатIи 172-м щыгъэувакъым.

Надежин Михаил къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм мафIэсым щызыхъумэ хъыбар къозыгъащIэ Iэмэпсымэхэр щыгъэувын зэрыхуейр. Ар ямыгъэзащIэмэ, фокIадэм и 1-м а IэнатIэхэр къагъэсэбэпыну комиссэм хуит зыщI тхылъхэр яримытынри Iуэхум хэлъщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Гулъытэ

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм папщIэ

<u>Урысейм и Федеральнэ налог къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу, хабзэ зэрыхъуауэ, налог IэнатIэм и лэжьакIуэхэм ящыщ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр ирагъэблэгъащ.</u>

КъБР-мкIэ УФНС-м и унафэщIхэм я цIэкIэ я лэжьэгъуу щытахэмрэ ветеранхэмрэ фIэхъус псалъэ гуапэхэмкIэ ирагъэблэгъащ IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Сарбашевэ Светланэрэ профсоюз комитетымрэ

Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу КъБР-м и налог органхэм щылэжьахэм ящыщу иджыпсту псэужыр 3 къудейщ. Абыхэм ящыщу Чучко Николайрэ Горбулинский Иванрэ зэIущIэм къеблэгъат. Дэрэжэгъуэ яIэу ветеранхэр я лэжьэгъуу щытахэм ящIыгъуу махуэшхуэ Iэнэм бгъэдэсащ, зауэм, лэжьыгъэм теухуа я гукъэкIыжхэмкIэ ядэгуэшащ, уэрэдхэр жаIащ, къэфащ.

IуэхущIапIэм и щIалэгъуалэр жыджэру зыхэта концерт программэ ягъэхьэзырат. Ветеранхэри, хьэщIэхэри итхьэкъуат управленэм и лэжьакIуэ, оперэ вокал гъуэзэджэ зиIэ Гюльванесян Эдуард игъэзэщIа зауэ уэрэдхэм.

ЗэIущIэр гуапэу иухащ. КъБР-м щыIэ УФНС-м и унафэщIхэм къабгъэдэкIыу ветеранхэм саугъэтхэр иратащ, ахъшэкIэ зыщIагъэкъуащ. Ветеран псори махуэшхуэ зэхыхьэм кърихьэлIэфакъым, ауэ ахэри гулъытэншэ ящIакъым.

Управленэм и лэжьакIуэ гупым ветеранхэм узыншагъэ яIэу, мамыру гъащIэ кIыхь къагъэщIэну зэрагуапэр жраIащ.

КАДЫРОВЭ Жаннетэ,
Урысей ФНС-м и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

● Накъыгъэм и 20-р Метрологием и дунейпсо махуэщ

Хабзэ хэхам тету

<u>1875 гъэм Метрикэ конвенцэм Iэ щIадзауэ щытащ. Ар илъэс щрикъум ягъэуврауэ, гъэ къэс накъыгъэм и 20-р Метрологием и дунейпсо махуэу ягъэлъапIэ. Мы зэгурыIуэныгъэр мардэхэр къызэралъытэ щIыкIэр хабзэ хэхам тету зэрызэхуагъакIуэ Iэмалщ. Метрологием и дунейпсо махуэм илъэс къэс къыхуеджэныгъэщIэ хухах. Мы гъэм ар «Къэпщытэныгъэхэмрэ энергетикэм пыщIа гугъуехь инхэмрэ» унэтIыныгъэм щIэту ирагъэкIуэкI.</u>

ИЛЪЭСИПЩI гъунэгъухэм ток Iуэхур дуней псом ткIий щыхъунущ. Къапщтэмэ, электрокъаруэ ягъэкIуэщIым хэхъуэнущ, псом хуэмыдэу, зызыужь къэралхэм щIэупщIэшхуэ щаIэнущ. Газ фIейуэ хьэуам хаутIыпщхьэр ягъэмэщIэн, гъэсыныпхъэм и шынагъуэншагъэм, абы и къыщIэхыным е къыщIэшыным нэхъыбэ трагъэкIуэдэн, токыр къызэралэжь, зэращэ, къызэрагъэсэбэп щIыкIэр ирагъэфIэкIуэн хуейщ.

Промышленностым ехъулIэныгъэкIэ зиужьыныр, сату Iуэхур ефIэкIуэныр, цIыхухэм я псэукIэр къэIэтыныр энергиер зэрызэрагъэзахуэм, ар езэгърабгъуу зэрагъуэтым куэдкIэ елъытащ. Абы къыхэкIыу, хэкIыпIэщIэхэр, токыр къызэрыдагъахуэ IэмалыщIэхэр къалъыхъуэ.

ХабзэкIэ метрологие кIэлъыплъыныгъэм щIэт къызэрапщытэ Iэмэпсымэ куэдыр энергиер къызэрагъэсэбэп щIыкIэм хуэгъэпсащ. Апхуэдэщ газыр, псыр, хуабэр, токыр къызэралъытэ счетчикхэр, гъэсыныпхъэ игъэхъуапIэхэр.

Махуэ къэс цIыхухэр къэпщытэныгъэ Iуэхум хэтщи, ар зыхуэдэмрэ и пэжагъымрэ зыми шэч къытредгъэхьэ хъунукъым. Электрокъаруэ, псыуэ, газу, ерыскъыхэкIыу, гъэсыныпхъэу къащэхум я нэхъыбэм я уасэр, медицинэ Iэмэпсымэхэм къагъэлъагъуэм, нэгъуэщIхэми хуэзэр къызэралъытэр абы кърикIуам тещIыхьауэщ. Арами, псори апхуэдизкIэ есэжащи, хуэфащэ мыхьэнэ иратыркъым.

«КъБР-м СтандартизацэмкIэ, метрологиемрэ гъэунэхуныгъэхэмкIэ и къэрал щIыналъэ центр» федеральнэ бюджет IуэхущIапIэм и лэжьыгъэ нэхъыщхьэр пщалъэхэр къызэралъытэ щIыкIэр хабзэ хэхам тету къызэгъэпэщынырщ. Къапщтэмэ, республикэм и предприятэхэм, организацэхэм, хьэрычэтыщIэхэм метрологие и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэрэ Iуэхутхьэбзэу куэд хуэзэфIегъэкI. Илъэс къэс Iэмэпсымэ мин 40-м нэблагъэм я щытыкIэр къепщытэ. Мы зэманым пщалъэ лIэужьыгъуэу къагъэсэбэпым и процент 95-р зыхуэдэр ди центрым егъэбелджылыри, ирагъэплъын щхьэкIэ мылъку лей щIату ахэр нэгъуэщI щIыпIэхэм щIашэн щхьэусыгъуэ щыIэкъым. Центрым зегъэужьыным, метрологие, зэрагъэунэху Iэмэпсымэхэр къэщэхуным гъэ къэс сом мелуани 3-4 хухыдох.

Биохимие, иммунофермент анализаторхэм, хущхъуэ ткIуэпсхэр зэрыщIагъаткIуэ, зэрырагъаткIуэ дозаторхэм, алкометрхэм, клиникэ рентген дозиметрхэм, токышхуэм и трансформаторхэм, газыр къызэрахутэ электрон корректорхэм, давленэшхуэхэм я датчикхэм, хуабжьагъыр къызэралъытэхэм, газоанализаторхэм, газосигнализаторхэм я лэжьэкIэр къызэрапщытэ щIыкIэм иужьрей илъэсхэм кууэ зыхэдгъэгъуэзащ. Узыншагъэр хъумэным и IэнатIэхэм къыщагъэсэбэп медицинэ техникэм, IэнатIэхэм, унагъуэхэм псымрэ газымрэ къызэрыщалъытэ счетчикхэм, манометрхэм, электросчетчикхэм, нэгъуэщIхэми я щытыкIэм центрым щыкIэлъоплъ, ахэр щызэрагъэпэщыж. А лэжьыгъэхэр псынщIэу икIи фIагъ хэлъу зэрызэфIэдгъэкIым папщIэ, республикэм и предприятэхэм, организацэхэм, цIыхухэм фIыщIэ къытхуащI. Я зэманымрэ я мылъкумрэ къахудэдгъэхуэн мурадкIэ, псыр къызэралъытэ Iэмэпсымэхэм щIыпIэхэм дащыкIэлъоплъ.

Мы Iэмалыр къэзгъэсэбэпу, республикэм и метролог псоми я махуэмкIэ сохъуэхъу. Мамыр гъащIэ, узыншагъэ быдэ яIэну, жэуаплыныгъэ зыпылъ я IэнатIэм ехъулIэныгъэщIэхэр къыщахьыну си гуапэщ.

ШУРДЫМ Юрэ,
«Къэбэрдей-Балъкъэрым СтандартизацэмкIэ, метрологиемрэ гъэунэхуныгъэхэмкIэ и къэрал щIыналъэ центр» ФБУ-м и унафэщI.

ЩIэпхъаджащIэхэр яIэщIэкIакъым

<u>Терророрым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и хъыбарегъащIэ центрым къызэритымкIэ, накъыгъэм и 17-м сыхьэт 00.30-м гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэм кIэлъыплъ лэжьакIуэхэм Шэджэм къалэм къыщагъэувыIэну хэтащ ВАЗ 21099 автомашинэр. Ауэ абы исхэр хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм IэщэкIэ къахэуэу щIадзащ. Абджэм щрагъэжьа зэхэуэм щIэпхъаджащIэхэм ящыщу тIыр щаукIащ, зыр яIэщIэкIащ.</u>

ЗЭРЫЗЭХАГЪЭКIАМКIЭ, яукIахэм языхэзыр хабзэм къемызэгъыу къызэрагъэпэща «Кавказ имарат» дунейпсо террорист зэгухьэныгъэм хиубыдэ «КъБР-м и Ипщэ-къухьэпIэ вилаят» жыхуаIэм и бандэ гупым и Iэтащхьэщ. Ар федеральнэ IэнатIэм къыщалъыхъуэ. ЕтIуанэри а гупым хэт щIэпхъаджащIэхэм ящыщ зыщ. Абыхэм республикэм и щIыналъэм террорист щIэпхъаджагъэхэр щалэжьыну загъэхьэзырт. Апхуэдэу ахэр къызэрыгуэкI цIыху зыбжанэ, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэ зыбжанэ яукIахэм яхэтауэ къалъытэ.

Зэхэуэм уIэгъэ щыхъуащ полицэм и лэжьакIуэхэм ящыщ зы. А щIыпIэм автомату тIу, кIэрахъуэ, гранатхэр, шэуэ куэд къыщагъуэтащ.

Иджыпсту мы Iуэхур зэхагъэкI. Апхуэдэу хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм къалъыхъуэ а жэщым яIэщIэкIа ещанэ щIэпхъаджащIэр.

* * *

КъыкIэлъыкIуэ махуэм, накъыгъэм и 18-м, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэу КъБР-м и Оперативнэ штабым и унафэм щIэтхэм Бахъсэн муниципальнэ районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэм ипкъ иткIэ, бандитхэм зыщагъэпщкIу щIыпIэр яубзыхуащ. Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым а жылагъуэм терроризм пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI щIыналъэм и хабзэхэр сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 45-м щегъэжьауэ щигъэуващ.

ЩIэпхъаджащIэм зыщигъэпщкIу унэр къаухъуреихьри, абыхэм зыкъатыну хуагъэущащ. ИрагъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэхэм я фIыгъэкIэ бандитхэм унэр зейм абы и сабийплIымрэ къыщIашыжащ. Бандитыр зыкъитыну арэзы хъуакъым, автоматымрэ гранатхэмкIэ хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм къахэуащ.

А зэхэуэм щIэпхъаджащIэу 3 щаукIащ. Абыхэм языхэзыр 1987 гъэм къалъхуа, федеральнэ IэнатIэм къыщалъыхъуэ щIыхупщ. ЗэрызэхагъэкIамкIэ, а щIэпхъаджащIэр яхэтащ нэгъабэ Дыгулыбгъуей къуажэм щыщу 1, МВД-м и офицеру 3 зыукIахэм.

КъБР-м и оперативнэ штаб.

Дауэ, гущэ, мы зауэм кІэ зэреттынур? 150

УРЫСХЭМ я быдапІэхэр нэхъри нэхъ шынагъуэжу, Іуву зэхэту къращІэкІмэ, абыхэмкІэ адыгэ хэкур яльахъэфынущ. Ауэ игъащІэкІи къебэрдей лъэпкъ пагэм, бжыфІагъэр цІыхугъэкІэ Адыгейм и лъэпкъ хэІэтыкІахэм фІэкІа пхуухэмыгъэдэнум, абыхэм я щІопщым быдэгъащхъынукъым.

Зэ закъуэ нэхъ мыхъуми къэбэрдей хасэм екІуалэу мы цІыху щапхъэ гуакІуащэр зи нэгу щІэкІам, ахэр дунейм щытепщэныр я натІэу и фІэщ нэхъ хъунщ, урысхэм я пащьлІ нэгъуэщІу жьпІэмэ, пащьлІхэм я пащьлІыжь хъун нэхъ ІэрІ.

БОДЕНШТЕДТ Фридрих.

ПЩЫР пщыуэ къалъытэн папщІэ, и теплъэкІи лъагъуэгъуафІэу, нэхъыжьхэм пщІэ яхунщІу, къарудфІэу, хахуэу зэрыщытыр далъагъун хуейщ. А щэнхэр зыхэмылъым и лъэпкъэгъуэм я пащьхэ пщІэ къыцихьыни зиузэщІыкІфынуи щремыгугъ.

БЛАРАМБЕРГ Иоганн,
урысыдзэм хэта нэмыцэ генерал-лейтенант. 1830 гъэ

ЗАСС[1] бийр гузэвгъэу и псэм телъу гъэпсэун хуейуэ къиплъытэрт. Абы и нэщэнэу, езым и унафэкІэ зэтригъэтхъуа ЩІыпІ Быдэм пэгъунэгъу Іуащхьэм гъущІ бжэгъуэхр щыхригьатІэри, абыхэм адыгэхэм я щхьэ пыупщІахэр фІригъэІуауэ фІигъэлът, я жьакІэхэр жьым щІихурыкІыу. Уи гур къригъакІуэрт а теплъэгъуэ гущыкІыгъуэм.

Зэгуэрым генералым Нарышкинэ-гуащэр и деж иригъэблэгъащ. Бзылъхугъэм къыхуиІуэхуащ, щхьэхэр фІебгъэхыжмэ, сынэкІуэнщ жиІэри. Засс абы и гукъыдэжыр игъэзащІэри, псори и унэм деблэгъащ. И пэшым щхьэпІэбакъуэу, псом къытегъуалъхьэ мэ Іей дыдэ гуэр къысщІихащ. Абы гу лъызыта Засс дыхьэшхри, Іуэхур зыІутыр къыдгуригъэІуауэ: щхьэхэр къыфІахьжьыну унафэ зыхуищІахэм ахэр зыдэлъ пхъунтэр гъуэльыпІэ щІагъэшуауэ ара къыщІэкІынщ. Пэж дыдэу, ар гъуэлъыпІэ лъабжьэм щІэлэбри, пхъунтэ абрагъуэ къыщІилъэфащ, щхьэ зыбжанэ дэлъу, абджыпсым ещхь я нэ ижьыхьахэм уи псэр Іуахыу. «Сыт мыхэр зэрыпщІынур?» - сеупщІащ генералым. «Согъавэ, согъэкъабзэри, анатомием елэжьу Берлин дэс си ныбжьэгъу профессор гуэрхэм яхузогъэхь», - къызитащ абы жэуап.

ЛОРЕР Николай,
Кавказым къупжьу щызыщІа урыс декабрист. 1904 гъэ

ЛЪЭПКЪ къэс и къежьапІэм удз дахитІ къыщыдэж, псэ зыІут нэрыбгэ къэс и гум щІэращІэу щызэщІэгъагъэу. А тІур - хуитныныгъэр фІэІэфІыныпкрэ хьэщІэм хуэгумащІэнымрэ - адыгэхэр адрей лъэпкъхэм къаэзрыхэпцІыхукІ хьэл хъупащ.

БОДЕНШТЕДТ Фридрих.

АДРЕЙ адыгэ лъэпкъхэм я мызакъуэу, осетинхэмэ шэщэнхэми я щапхъэщ Къэбэрдеишхуэр. Къэбэрдеипщэмрэ уэркъэкмрэ шы тесыкІэкІэ, хахуэгъэкІэ, зыхуэпэкІэ екІуэкІэ, цІыху хьжьэкІэкІэ ахэр зрагъэхъуапсэ икІи зыдрагъэплъей. Адыгэ лъэпкъ псоми я Іуэху зехьэкІэ Іуэху къэбэрдей адыгэхэм я уэркъ хабзэр. «Сыт хуэдэу зэрыщытар а пасэрей адыгэ уэркъ хабзэр?» - жьиІэу ущІэупщІэмэ, жэуапу зэхэпхур псалъитІщ: «Нэмэзрэ зэуэнрэ». НэгъуэщІу жьпІэмэ, уэркъыгъэрэ Тхъэм фІэІлыкІынигъэрэ.

СТАЛЬ Карл.

АДЫГЭХЭМ мыувыІэу Щамил зым и ужьым зыр иту тхыгъэхэр къыхурагъэжьыр, я деж кІуэуэ я гъусэу бийм пэщІэувэну лъаІуэхэу. Іимамым хъыбару къыхуахьырт апэ хабзэ зыхэлъ, захуагъэм тет лъэпкъ зэкІэлъыкІуэу зэрыщытыр. Арати, 1262 (1846) гъэм мыин дыдэу топибл, абыхэм яхуэфащэн шэ, лъэсещдзэми шуудзэми бийм теуэну шынэни езыр къатеуэмэ икІуэтыни зыри яхэмыту здыщІигъыри ежьащ.

Тэрч зэпрыкІмэ, Іимамым, абдежым кьыщыувыІэу, щытхъушхуэ зиІэ адыгэхэм я щэнхІагъэир игъэунэхуну и мурадт. АрщхьэкІэ я щІыр зэрыджафэр, зыщагъэпщкІыфынщ мэзи я къуакІэбгыкІи зэрамыІэр илъагъури, зэрыкІуэм хущІагъэуэр.

И къуэрыІэпІэр Къэбэрдей тафэрат. Адыгэ ІыкІуэхэр зым и ужьым адрейр иту гуп-гупурэ къакІуэхэрт. Я унагъуэхэри мэзхэм ягъэІэпхъуат. Іимамым езы лъэпкъым къыхишри нэІибхэр ящхьэщигъэувэжащ.

КЪАРАХИЙ Мухьэммэд ТІэхьир,
Щамил Іимамым и тхакІуэ, кавказ тхыдэтх, щІэныгъэлІ. 1872 гъэ

КЪЭБЭРДЕЙХЭМ апхуэдизкІэ щэхуу икІи Іэзэу яхуэбэщІат Щамил къызэрыкІуэри, ар къызэрысу псоми зыкъыззэрІэтынри, уеблэмэ езы Голицын джнназым и унагъуэ гуапэ дыдэм Анзорыр фІыуэ къыщалъагъурт икІи щыхэгъэрейт. БжьыфІэу, губзыгъэу, Іэкіуэлъакіуэу щыт а щІалэр зэ Іуплъэгъуэм уигу дихьэри, уи дзыхьри ихьэурт. Къэбэрдейм и нэхъыщхьэм бгъэдэту зэрылажьэм абы Іэмал къритырт пащтыхьыгъуэм щызекІуэ унафэхэми, дзэр здэкІуэ-къызидикІыжми щыгъуаззу щытыну. И пщэрылъым и фІыгъэкІэ, Щамил и кьыхуеджэныгъэр здынэсари, цІыхухэр абы зэрыхущытри ищІэрт.

Іуэхур къыщыхъуэ пщыхьэщхьэ дыдэм, 1846 гъэм мэлыжьхьыным и 18-м, Анзорхэ я къуэр мамыру Голицын джыназым куэзыр дэджэгуу щыст, зыгуэр къыпхуэзу къыщеджам. Къыдэджэгуэр къиргъанэри, щІалэр къыщІэкІащ, афІэкІаи къэнэжьащ. ИужькІэ къызэрыщІэкІамкІэ, дакъикъэ зыбжанэ дэкІыу Голицыным зи хъыбар къыдгурагъэщІа, Налшык пэмыжьжьэу щыст адыгэ къуажэм къыщыцувыІаурэ лъэпкъым иригъэблагъэ Щамил деж заншІэу щэри кІуат ар.

БЕКЛЕМИШЕВ Николай,
Кавказым щызэуа урыс дзэзешэ. 1848 гъэ

КАВКАЗЫМ къыщалъхуам и дежкІэ мусльымэныгъэр зэкъуІ динщ. Ар я хуитныныгъэм и дамыгъэщ икІи и ныпщ, бгырысым гъащІэр фІэІэфІ зыщІ псори кІыззэщІиубыдэу. Диным апхуэдэ политикэ уэсэ зэрыхуагъэувыжкІэ ди телъхьэхэри къыдэзуэзэри, Тхьэр зи фІэщ хуэхэри мыхуэхри зэтохуэ. Кавказ псом и кІуэцІкІэ Іуэрыгъэмуслъымэныр щыхэгъэрейщ, дэнэ щымыІэми, пщІэрэ дзыхьрэ къыхуащІу; мымуслъымэныр - цІыху мыхьэнэншэщ, Іэхъуэжэмыхьэщ, пщыІщ.

«Чыристан диным Кавказым зыщІиубгъун папщІэ Барятинскай Александр[2] къыхилъхьа жэрдэмым и жэуап». 1858 гъэ

АДЫГЭХЭМ зэраІыгъэмкІэ, хьэщІэм ухуэгуагъэныр кьалэн Іыапіэщ. Гъуэ гурыкІуэр къулейми тхьэмыщкІэми, цІыхухуэми къыззэрыкІуэми дэнэ щІыпІи гу къабзэкІэ щрагъэблагъэ, псоми пщІэ къыхуащІ, жьантІэм дашэ, абы хуит имыщІауи унэр зейр тІысырыкьи. Бысымыи, и щхьэ ззрыхуэсакъыжьым хуэдэ дыдэу, хьэщІэм хуэсакъыну къыпотхуэ. Еблэгъар и бий кІэуфІыцІу щытми, ар хьэщІэу щытыхьу, и щхьэм щхьэц налъэ къыхиГъэхункъым.

БОДЕНШТЕДТ Фридрих.

ЗЭРЫТЛЪАГЪУМКІЭ, уэркъыгъэр зэбзэкІыу яльытэ Николай Езанэм ифІэщу игъэхабылырт лъэпкъхэр зэфІэгъэнэн политикэр, ахэр зэныкъуэкъуху, Урысейм абы фейдэ и къыхихыфынт хуэдэу. Ауэ Александр Езанэм цІыхугъэ хэлът. Кавказым щекІуэкІ гущІэгъэнышагъэм, фэрыщІагъэ хэмылъу, игъэнэщхьейт ар. Зэкъым, тІуэкъым абы цІыхухэм нэхъ щабэу яхущытыну и дзэпщэр кьыззэрыхуриджар, мыІэмалынщэ лъыгъажэм гущыкІ зэрыхуиІэр имыбзышІу. Зэгуэр, дунейм ехыжыным куэд имыІэжу, Ермоловым жэрдэм къыхилъхьат Бекович-Черкасский джыназым Георгий и жорыр саугъэтэ иратыныи, Александр ардэхэ хъуауэ щытакъым, а дзэпщым Псыжь адрыщІ щригъэкІуэкІа теуэ гъэрым бзылъхугъи сабии игу ящІэмыгъуу адыгэ кьуажэшхуэ зэрызэтригъэкІуэдажам щыгъуазэти.

ОЛЬШЕВСКИЙ Милентий,
урысыдзэм и тхыдэтх, генерал. 1841 - 1866 гъэ.

КУЭДЫМ къафІощІ зы мусльымэн лъэпкъыр адрейм едутІыпщмэ, лъэпкъхэр зэрыпІаГъу мыхъуу тхэщІыну. СэрэкІэ ар щыуагъэу къызолъытэ. Сыт хуэдизрэ къумыкъуэр шэшэнхэм, шэшэнхэр къэбэрдейхэм, къэбэрдейхэр псыжь адрыщІкІэ щыпсэуэхэм, псыжь адрыщІ нэгъуейкІэ абаззэхэмрэ шапсыгъэхэмрэ едгъэзэуа, арщхьэкІэ абы щхьэкІэ нэхъ жагъуэу зэрыпІаГъу хъуакъым ахэр. Іэмал закъуэ къызэрагъэгъу, лъэпкъ кьэс зыр адрейм дэІэпыкъуну хьэзырщ, ди тепщэныгъэр зыщхьэщагъэкІынпащІэ. Гужьгъэжь зыхуаІэр цІыху лІэужьыгъуэ гуэркъым, атІэ ахэр ди унафэм къыщІэмыувэу зэрымыхъунур кьызыгурыІуауэ дэ кьыддэІэпыкъу нэрыбгэ щхьэхуэхэрщ. Апхуэдэт, псалъэм папщІэ, генерал-майор Бекович-Черкасскэр. Дэ тщыщ гуэр яукІ нэхърэ, бгырысхэр нэхъ хуэпабгъэхэрт ар яІэрыхьэным.

ВЕЛЬЯМИНОВ Алексей.

АДЫГэ псоми хуэдэу, абаззэхэмэ я деж гъэсэныгъэм и мыхьэнэр щыабрагъэущ. ЩІалэ цІыкІухэр пасэ зэманым егъэлеяуэ ткІийуэ яІыгът, зауэлІ щызмэигъаззэ, унагъуэ зезыхьэфын лІы, зэхуэдэныгъэр щытепщэ Абаззэ хэ къэралым хуэфащэу, зи щхьэ пщІэ хуэзэщІыж зэкъулІ щхьэхуит къыхэкІын папщІэ.

ДЬЯЧКОВ-ТАРАСОВ Александр.

КАВКАЗЫМ и тхыдэмрэ зауэр зэриухынущыкІэмрэ зэпльэта зы Іэхэушхуэ иджыри къэхъуащ 1848 гъэм. Илщэ-КъуэхьпІэ Кавказым щыщ адыгэ лъэпкъэмэ яз абаззэхэм Щамил и деж лІыкІуэ гуп къагъэкІуащ. Ахэр лъаІуэрт я лъэпкъхэр щэрихьэтым тришэу зыкъуэзыгъэувэфын нэІиб яхуиГъэкІуэну.

ЗЫРЫ зыщымысхьыжу, адрейхэми ящымысхьу, Евдокимовым сытри ищІэну хьэзырт КъухьэпІэ Кавказыр Урысейм и лъэгуцІт ищІын папщІэ. Кьэзакъ унагъуэ ягъэІэпхъуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи зыщІагъакъуэрт. Ахэр мыІэпхъуэ щыкІэ зауэлІхэм абыхэм унэхэмрэ гуэн-гуэщхэмрэ хурагъэщІырт, щІэрыщІэу къызэрагъэпэщыжа Псыжь къэзакъыдзэм ахъшэшхуэхэр къахуитутыпщІэрт, члисэ зэрауэнухэри хэтыжу; къэрал мыльку мыхьэкІэ-мыхьэкІэу унагъуэр зыхуэсищ-тхукІэ зыхэпсэуэкІи ерыскъы къыхурагъэхьырт.

Зытешыныхьыр нэгъуэщІт: пащтыхьым игу адыгэхэм ящІэгъуу, ахэр зэрыщыту игъэІэпхъукІи унафэр икъутэжкинкІи зэрыхъунурт. Абы къыхэкІыу, адыгэхэм Іэмал имыІэу Урысейм икІыну памыубыду, хагъадэрт: е «тафэ» зыфІаща, Мейкьуэпэ пэгъунэгъу Псыжь и псыхъуэм мэІэпхъуэ, е Тыркум йокІ.

Арщхьэкіэ а «тафэм» апхуэдизу цІыху ихуэнут, къэнэну арэзы хъупами? Абдеж изгъэнур минищэ хуэдизт, щІыуэ къалъысыщхуэ щымыІэу. Арати, цІыхухэм я бжьыгъэр зэрагъэзэхуэн щІадзащ, укІытэ хэмылъыжьхэу, адыгэхэр зэрыхъу дыдэр нэхъ мащІэу къагъэлъагъэуэу. Си жагъуэ зэрыхъущи, иджыпсту гукІэ сщІэжьыркъым а бжьыгъэхэр, ауэ тхукІэ, пщІыкІэ бгырысхэм я бжьыгъэр нэхъ мащІэу кьРаІуэурэ, пщІы яупсырт. ИльэситІ-щы зэрыдэкІыу, а бжьыгъэхэр зэрыпщІыр зытха дыдэхэм къышІагъэщІыжащ, иІэпхъуІахэр ябжьи зэрыщІа-дзэу. Ауэ езыхэри пщІым а зы дакъикъэрат зэрыхуэныкъуэр, Бытырбыхуэ нэхъ зыхуэзэфІэкІыу дэсхэмрэ езы пащтыхьымрэ къагъэпІэн папщІэ.

ТИХОМИРОВ Лев.

[1] Засс Григорий - Кавказ зауэм хэта урыс генерал.

[2] Барятинский Александр - Кавказ зауэм хэта урыс дзэпщ.

[3] Гъази-Къумыхъу Джэмалуддин - Щамил и гъаззэу щыта дагъыстан ущиякІуэ.

[4] Филипсон Григорий, Кавказ зауэм хэта урыс дзэпщ.

[5] Евдокимов Николай - Кавказ зауэм хэта урыс дзэпщ.

Урыс-Шэрджэс зауэр йокІуэкІ.
Сурэтыр зыщІар нАІуэкъым.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тыгъэхэр Щоджэн Iэминат (*ижьымкIэ*) текIуахэм ярет.

Бгы куэщIым щекIуэкIа «Шемякин и гъатхэр»

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Лэжьыгъэхэр набдзэгубдзаплъэу зэпэзыплъыхь УФ-м, КъБР-м и СурэтыщIхэм я союзым хэт, КъБКъУ-м Гъуазджэмрэ СМИ-мкIэ и факультетым и егъэджакIуэ нэхъыжь **Абей Асият** гъэ къэс кърохьэлIэ фестивалым. ЕгъэджакIуэм дежкIэ щIэщыгъуэщ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIа, къыр уардэхэм зи гупсысэр яшэщIа сабийхэм я IэдакъэщIэкIхэр.

- Хуабжьу гуапэ сщохъу нобэ си нэгу щIэкIыр, - къыддогуашэ Асият. - Лэжьыгъэхэм сриплъащи, ар ауэ сытми къызэрыгуэкI сурэту зэрыщымытыр дэтхэнэми зыхищIэну апхуэдэщ. Илъэс къэс си гур хагъахъуэ Владикавказ къикI гупым. Абыхэм ящIа сурэтхэр адрейхэм къащIыхэщым и щхьэусыгъуэми сыщыгъуазэщ. ХудожествэмкIэ абы дэт училищэм щIэс цIыкIухэр тхьэмахуэ-тхьэмахуитIкIэ бгым яшэри щолажьэ, дэ ди студентхэр паркым нэс тхуэшэу аращ.

Мыбы нэхъыбэу щыIэр школакIуэхэрщ. А цIыкIухэм ящIахэм апхуэдизкIэ нэр ягъэгуфIэри, сурэтыщI ныбжьыщIэхэр къызэрытщIэхъуэм сропагэ. ЩIэныгъэ яIэмэ, Iэзагъыр зрагъэгъуэтыфынущ мы сабийхэм. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр щIэблэм яIэ жэрдэмыр ядэтIыгъынырщ, итIанэ езыхэм я зэфIэкIымкIэ дызэрыгушхуэжынум шэч хэлъкъым. Мы фестивалым мыхьэнэшхуэ иIэщ сурэт щIын щIэзыдзагъащIэхэм я дежкIэ. Уи IэдакъэщIэкIыр, гукъыдэжыр утыку къыщипхьэн гуэр ущиIэм деж улэжьэнуи ухуей мэхъу. Мыбы щащIа лэжьыгъэхэр куэдкIэ къахощ къыздахьахэм. Iуащхьэмахуэ лъапэ деж ущысу утхэным хэлъыр сурэтхэм щынэрылъагъуу си гугъэщ.

Сабийхэм я гукъыдэжым нэхърэ нэхъ мащIэкъым абыхэм я гъэсакIуэхэм яIэри. Нарткъалэ дэт Сабий художественнэ школым и унафэщI **Къардэн Равидэ** къиша цIыкIухэм я IэдакъэщIэкIхэр гушхуэу дегъэлъагъу. «Мы фестивалыр егъэкIуэкIын зэрыщIадзэрэ ди школым къекIуалIэ сабийхэм ящыщу жэрдэм зиIэхэр къыдошэ, - жеIэ Равидэ. - Дэтхэнэми мыбы щилъэгъуамрэ щызригъэщIамрэ хуэмыIуэтэжу мэкIуэж, къэкIуэну хуейуэ зи нэ къикIхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Ди сабийхэм я лэжьыгъэхэр нэхъыбэу зытеухуар, зэрыгурыIуэгъуэщи, Шемякин-Къардэн Михаил и гъащIэмрэ и гуащIэмрэщ. ЩIыуэпсым хэсу ящI сурэтхэр ныбжьыщIэхэм хуабжьу ягу ирихьащ. Фестивалым ущытхэ, ущызэпеуэм и закъуэкъым, атIэ уи нэгуи зыщеужь. Сабийхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ и щIыпIэ нэхъ дахэхэм тшэурэ ялъагъур ятхыжу жьы къабзэм хэсу мэлажьэ, дызыщIэс «Иткол» хьэщIэщым и пщIантIэм фIэкIа хэмытми, бгы куэщIым уису апхуэдэщи, ди лъахэм и дахагъэр лъэныкъуэ куэдкIэ къыпхуэгъэлъэгъуэнущ. Сурэт щIыным къыдэкIуэу, ди лъахэгъу сурэтыщI гъуэзэджэм и лэжьыгъэхэм зыщыдогъэгъуазэ. Езыр къримыхьэлIэфми, ди лэжьыгъэхэм къыкIэлъыплъу, фестивалыр зэрекIуэкIам хъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ зыщигъэгъуазэу апхуэдэщ».

Псы ежэхым и макъыр зэхэпхыркъым армыхъумэ, псы Iуфэм уIус хуэдэщ зы сурэт зэпызоплъыхьри. Ар зи IэдакъэщIэкIыр Налшык къалэ дэт ГъуазджэмкIэ сабий школ №1-м и еджакIуэ, илъэс 12 хъу **Тэрчокъуэ Залинэщ**. Абы и ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэм я гъусэу гъэлъэгъуэныгъэм зыщаплъыхь адрей ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэм тепсэлъыхьурэ. Езым Iуащхьэмахуэ лъапэ щилъэгъуахэмрэ здэкIуэжым яхуиIуэтэжынухэмкIэ соупщI:

- Сэ хуабжьу сигу ирихьащ мыбы щыдгъэкIуа махуэхэр. ЩIыпIэ дахэ куэд тлъэгъуащ, бгыхэм дыдэкIуеящ, Iуащхьэмахуэ и щыгур нэхъ гъунэгъуу зэдгъэлъэгъуащ. ЩIыуэпсым дыхэту тщIа сурэтхэращ нэхъ сигу ирихьар. Мы узэплъри абыхэм ящыщ зыщ. Си мызакъуэу, си ныбжьэгъу, къыздеджэ хъыджэбз цIыкIухэми лэжьыгъэ дахэ куэд я Iэдакъэ къыщIэкIащ. Мы лэжьыгъэ къомым ущыхэплъэм и деж зыгуэр нэхъ дахэщ е нэхъыфIщ жыпIэу къыхэбгъэщыну сфIэгугъуэщ, сыт щыхьэкIэ жыпIэмэ, дэтхэнэми и нэкIэ илъагъур и IэкIэ итхауэ аращи, зэщхьу, зэтехуэу зыри яхэткъым. СурэтыщIыр дунейм зэреплъыр къызэрыгуэкI цIыхум ещхькъыми, гъэщIэгъуэн куэд сыт щыгъуи уи пащхьэ крилъхьэфынущ. Куэд ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ, нэхъыщхьэращи, дыкIуэжа нэуужьи, сурэт тщIыну дыщытIыскIэ ди нэгу къыщIэувэн теплъэ дахэ зыбжанэ щытлъэгъуащ Iуащхьэмахуэ лъапэ.

Фестивалым щилъэгъуахэмкIэ арэзыщ, куэди къыщищIащ Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №5-м и 7-нэ классым щIэс **Кушбокъуэ Амырхъани**. Абы къурш дахэ къызэрыщ сурэт ищIащ, щIалэщIэ куэд ныбжьэгъу къыхуэхъуащ, илъэс къакIуэ тригъэзэну и мурадщ.

Старэ Шэрэдж къуажэм дэт ГъуазджэмкIэ сабий школ №3-м и унафэщI **Хьэпэ Залинэ** ныбжьыщIэ 17 къишащ фестивалым.

- Сабийхэм ямыщIэ куэд къащIауэ, ныбжьэгъу зэхуэхъуауэ, загъэпсэхуауэ нэкIуэжынущ, - жеIэ абы. - Мыбы зэ щыIауэ зигу иримыхьу кIуэжа иджыри къахэкIакъым. ИхъуреягъкIэ щыплъагъу бгы къомым я фIыгъи хэлъщ абы. Джабэ задэхэмрэ къырыщхьэ лъагэхэмрэ узыIэпашэу, нэхъыбэм, нэхъ иным утрагъэгушхуэу апхуэдэщи, арагъэнщ ехъулIэныгъэхэр щIаIэр.

Илъэс къэс укъакIуэ щхьэкIэ, сыт щыгъуи плъагъур нэгъуэщIщ, теплъэм зехъуэж, уи еплъыкIэри нэгъуэщI зыгуэр мэхъу. Мыбы щыIэу цIыкIухэм ящIа сурэтхэм нэхъыбэу къыщагъэлъэгъуар насып Iуащхьэр къэзыухъуреихь щIыуэпсырщ. КъищынэмыщIауэ, къэтша сабийхэр сурэт щIыным и закъуэкъым дэзыхьэхыр, атIэ къэфэным, уэрэд жыIэным хуэIэзэхэщи, пщыхьэщхьэхэр щIэщыгъуэу, гукъинэжуирагъэкIуэкIащ. Тафэри, бгыри, псыежэхри, псыкъелъэри - псори яфIэгъэщIэгъуэну зэпаплъыхьу апхуэдэщ сурэтыщI ныбжьыщIэхэр. СызэреплъымкIэ, цIыкIухэр дэзыхьэх Iуэхур IэщIагъэ яхуэхъунымкIэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ мыхьэнэ ирату псэунымкIэ сэбэпышхуэ хъунущ мы фестивалыр. Абы и къызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ лей яхуэсщIыну сыхуейщ.

Фестивалыр егъэкIуэкIынымкIэ къалэн нэхъыбэ зи пщэ къыдэхуахэм ящыщщ абы и унэтIакIуэ **Марыщ Розеттэ**. Абы зэрыжиIамкIэ, зэпеуэр лIэужьыгъуитху мэхъу.

- Нобэ дгъэхьэзыра гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщитхьащ нэхъ пасэу сабийхэм ящIу къыздашахэри, Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэху зэлэжьахэри. Сурэт щIыным удихьэхыуи, абы ухуэIэзэуи щытын хуейкъым, цIыкIухэм ящIахэм яхэлъ къару нэрымылъагъур зыхэпщIэн папщIэ, - къыддогуашэ Розеттэ. - Сурэтхэм нэмыщI тхыгъэхэр, усэхэр ягъэхьэзыр, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм теухуа лэжьыгъэхэр ягъэзащIэ. Ахэр псори ехьэлIащ сурэтыщI гъуэзэджэ Шемякин-Къардэн Михаил и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ. А псоми лъабжьэ яхуэхъур сабийхэр а сурэтыщI цIэрыIуэр дызэрилъэпкъэгъум, дызэрилъахэгъум зэрыригушхуэрщ. Езы Шемякин и лэжьыгъэхэм ящыщи, ипхъу Доротея и IэдакъэщIэкIхэри щегъэувэкIащ гъэлъэгъуэным, ар яцIыхун и лэжьыгъэхэр гъунэгъуу ялъагъун хуейщ мыбы щызэхуэса ныбжьыщIэхэм.

Уи гур хигъахъуэу апхуэдэщ езы сабийхэм я гукъыдэжми. Лэжьэнми, джэгунми, къэфэнми хуэжыджэрхэщ. Я гъэсакIуэхэр я гъусэу загъэпсэху икIи мэлажьэ, нэхъыщхьэращи, сурэт щIыным нэхъри дихьэхауэ зэбгрокIыж.

ЦIыкIухэм я дэсыгъуэ махуэхэм - накъыгъэм и 1-м щегъэжьауэ и 5 хъуху - ирихьэлIэу Иткол щызэхудошэс. Махуэ къэс щIэщыгъуэ, купщIафIэ зэращытщIын Iэмалхэр къэдгъэсэбэпурэ идогъэкIуэкIри, Шемякин-Къардэн Михаил къыщалъхуа махуэм, накъыгъэм и 4-м и пщыхьэщхьэм фестивалыр зэхудощIыж текIуахэр дгъэпажэу, лэжьыгъэфI зыщIахэр къыхэдгъэщхьэхукIыу, зэпеуэм хэта псори дгъэгушхуэу.

Гъуазджэм и лъахэм а махуэм къихута къэпщытакIуэ гупым я лэжьыгъэри тынштэкъым. Сабиипсэ къабзэм къыбгъэдэкI IэдакъэщIэкI телъыджэхэр зэбгъэпщэну гугъущ. Ауэ зэпеуэм и жыпхъэхэм тетын хуейти, лIэужьыгъуитхукIэ увыпIэхэр ягуэшащ. НэхъыфIу къыхагъэщхьэхукIахэм нэмыщIауэ, зи лэжьыгъэм гулъытэ хуэщIыпхъэ куэдым я цIэ къраIуащ, абыхэм я егъэджакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ. «Шемякин и гъатхэ» фестивалым хэта дэтхэнэ зыми къызэгъэпэщакIуэхэм къабгъэдэкI саугъэтхэр иратащ.

Пшыхьым и кIэухым къэпсэлъащ къэпщытакIуэ гупым хэтахэу Къардэн Хьэсэн, сурэтыщI Абей Асият, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Щоджэн Iэминат, Эльбрус поселкэм и администрацэм и Iэтащхьэ Курданов Узеир сымэ. Абыхэм къыхагъэщащ сурэтыщI ныбжьыщIэхэр лъэ быдэкIэ гъащIэм хэувэну зэрагуапэр, икIи фестивалым щызэрагъэщIахэм хагъэхъуэну, ехъулIэныгъэ яIэну ехъуэхъуащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **Ахъуэбэч Илья** *трихащ.*





«Щыгъэрыдэ»

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Шэджэм къалэм дэт сабий творчествэмкIэ унэм щекIуэкIащ сабийхэм псэкупсэ гъэсэныгъэ куу ябгъэдэлъхьэным илъэс куэд лъандэрэ телажьэ егъэджакIуэ Iэзэ Ахъмэт Лианэ и IэдакъэщIэкIхэр щагъэлъэгъуа выставкэ.

ЛИАНЭ и лэжьыгъэхэр теухуащ иужьрей зэманым цIыху IэпщIэлъапщIэхэм убгъуауэ къагъэсэбэп «щыгъэрыдэ» хуэIухуэщIэм. ЩыгъэкIэ хэдыкIыным, абы хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр къыхэщIыкIыным зэманрэ къарурэ токIуадэ. Ауэ куэдым къаймыхъулIэ IуэхумкIэ зэфIэкI зыбгъэдэлъым къигупсысыфынумрэ, абы и IэдакъэщIэкIхэм удэзыхьэх дахагъэу хилъхьэфынумрэ псалъэкIэ къэIуэтэгъуейщ. Апхуэдэхэм ящыщщ Ахъмэт Лианэ. «Щэнхабзэ куэдым я зэхуэдэ Урысей» зэпеуэм япэ увыпIэр иджыблагъэ къыщызыхьа а цIыхубзым и къалэн нэхъыщхьэу къилъытэр езым къегъэщIылIа сабий гупым я творческэ зэхэщIыкIым лъэныкъуэ куэдкIэ зригъэужьынырщ. АбыкIэ щыгъэрыдэ IэщIагъэм и мыхьэнэр инщ. Сыту жыпIэмэ, ди адыгэхэм я мызакъуэу, дунейм зы лъэпкъи тету къыщIэкIынкъым хьэпшып, щыгъыныгъуэ гъэдахэу щыгъэр ижь лъандэрэ къыздэмыгъуэгурыкIуэ. Псоми зэхуэдэу къагъэсэбэп пкъыгъуэхэм щIэх-щIэхыурэ щIэщыгъуагъ халъхьэу къокIуэкI, аращ щыгъэрыдэм кIэлъызэрахьэ Iэмалхэр щIэгъунапкъэншэри, сабийм я гупсысэмрэ я творческэ Iуэху еплъыкIэмрэ зыщIригъэужьри.

Выставкэм щагъэлъэгъуа Лианэ и IэдакъэщIэкIхэм яхэтщ бисерым «хьэпIацIэ щыгъэкIэ» еджэу щытащ къыхэщIыкIа сурэтхэр, жыгхэр, удз гъэгъахэр, къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Абыхэм я дэтхэнэ зыми къыбжаIэ «зи Iэпэм дыщэр къыпыщ», философие гупсысэ зиIэ цIыху IэпщIэлъапщIэм ахэр зэриIэдакъэщIэкIыр. Гъэлъэгъуэныгъэм ипкъ иткIэ екIуэкIащ «щыгъэрыдэ» дерсхэм къекIуалIэ цIыкIухэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуа мастер-класс.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Шахматхэмрэ шашкэхэмрэ

Джэдгъэф Чэмал етIуанэщ

Зи лъакъуэхэм ныкъуэдыкъуагъ иIэхэм шахматхэмрэ шашкэхэмкIэ Налшык щрагъэкIуэкIа Урысей чемпионатыр иухащ.

ЗЭПЕУЭМ Урысей Федерацэм и щIыналъэ 30-м я спортсмен 80-м щIигъу хэтащ. Абы къыщыхахащ Европэм, дуней псом пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зэхьэзэхуэхэм кIуэнухэр.

Ди республикэм и шахматистищрэ зы шашисткэрэ хэтащ иджырей чемпионатым. Зеикъуэ къуажэм щыщ спортымкIэ мастерым и кандидат Джэдгъэф Чэмал Iэзагъ лъагэ зиIэ дуней псом и мастер нэхъыфIхэм яфIэкIри, шахматистхэм я деж етIуанэ увыпIэр къыщихьащ.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

ТекIуахэм я пащхьэ итщ министр Васильев Сергей.

НэхъыфIхэр токIуэ

Урысей МВД-м и IэнатIэ хэхахэм я гупу Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэм, КъБР-мкIэ МВД-м и гуп щхьэхуэм я лэжьакIуэхэм я спартакиадэ Бахъсэн къалэ дэт «Автозапчасть» стадионым щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм, гъащIэ узыншэр, физкультурэмрэ спортымрэ, хэкупсэ гъэсэныгъэм зегъэубгъуным.

СЫХЬЭТИТХУМ нэблагъэкIэ спортсменхэр щызэхьэзэхуащ атлетикэ псынщIэ, дзэ-спорт эстафетэхэм, футбол цIыкIум, гырэ спортым, кIапсэ зэпекъумрэ армспортымрэ. Абы кIэлъыплъыну къызэхуэсахэм яхэтащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу Кобылкин Иван, Къанщауэ Мусабий, Джэрыджэ Iэбубэчыр. НэхъыжьыфIхэм ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей. Кърагъэблэгъахэм яхэтащ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Мамхэгъ Хьэчим, Бахъсэн район администрацэм и тхьэмадэ Сыжажэ Хьэсэн, къалэ администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Хьэщпакъ СултIан сымэ.

Зэхьэзэхуэ гуащIэм щытекIуащ КъБР-м щыIэ МВД-м и гуп щхьэхуэхэм я командэ къыхэхар. Урысей МВД-м и гуп щхьэхуэхэу Iуащхьэмахуэ куейм щыIэм и командэм етIуанэ, Бахъсэн районым щыIэм ещанэ увыпIэхэр къахьащ.

Васильев Сергей текIуахэм кубокхэр, щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ яритащ. Дамыгъэхэр ялъысащ щхьэзакъуэ зэпеуэм щынэхъыфIахэми.

Зэхьэзэхуэм и кIэухыу спортсменхэмрэ хьэщIэхэмрэ я нэгу зрагъэужьащ Бахъсэн къалэмрэ Дыгулыбгъуей къуажэмрэ ЩэнхабзэмкIэ я унэм и артистхэм.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

ХэщIыныгъэр ирагъэпшыныж

Ипщэ дзэ округым и дзэ прокуратурэ №316-м федеральнэ мылъкур хъумэнымкIэ хабзэр зэрагъэзащIэм ныкъусаныгъэхэр къыщихутащ.

НАЛШЫК къалэ щыIэ дзэ часть №6873-м къулыкъу щызыIыгъым и фейдэ хэлъу хьэрэмагъ Iуэху илэжьащ. ЗэраубзыхуамкIэ, 2009 гъэм и фокIадэм щыщIэдзауэ 2013 гъэм и шыщхьэуIум кърибыдэу и унафэм щIэтым лэжьыгъэм тригъэкIуэда зэманым, абы хуэкIуэ улахуэм теухуа хъыбар нэпцI табелым иритхащ икIи къэралым сом 298842-рэ хэщIыныгъэу иритащ.

Прокурор къэпщытэныгъэхэм я материалхэм япкъ иткIэ, Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и Дзэ следственнэ управленэу Ипщэ дзэ округым щыIэм 316-нэ следствэмкIэ и къудамэм а къулыкъущIэм ехьэлIа уголовнэ Iуэху къиIэтащ.

Гарнизоным и дзэ прокуратурэ №316-м щыгъуазэ дызэрыщащIамкIэ, Iуэхур щызэхагъэкIым, къэралым игъуэта хэщIыныгъэр ирагъэпшыныжащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

«Полицэр сабиигъуэм и хъумакIуэщ»

2014 гъэм накъыгъэм и 17-м Урысей МВД-м и щIыналъэ IэнатIэхэм щызэхаублэ «Полицэр сабиигъуэм и хъумакIуэщ» урысейпсо акцэм. Дзыхь зрагъэз сабий телефоным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу зэхаублэ Iуэхугъуэм и мурад нэхъыщхьэр унагъуэ хуэмыщIахэм ядэлэжьэнырщ, гъащIэм и щытыкIэ гугъум къихута сабийхэм защIэгъэкъуэнырщ икIи дэIыгъынырщ.

А МАХУЭМ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу республикэхэм щыIэм, управленэ нэхъыщхьэхэм, Урысей МВД-м и IуэхущIапIэу УФ-м и нэгъуэщI субъектхэм щыIэхэм лэжьэн щыщIадзэнущ дзыхь зрагъэз сабий телефонхэм икIи щIыпIэ зэманымкIэ сыхьэти 10-м щыщIэдзауэ 16 пщIондэ балигъ мыхъуахэм я гугъуехьхэм теухуауэ псалъэ хъунущ.

Балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ IэнатIэхэм я IэщIагъэлIхэм, хабзэм ебэкъуа ныбжьыщIэхэр пIалъэкIэ щаIыгъ центрхэм я психологхэм, цIыхухэр социальнэу хъумэнымкIэ управленэм и органхэм, егъэджэныгъэмкIэ IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм цIыхухэм, абы ныбжьыщIэхэри хыхьэу, чэнджэщ иратынущ. Дзыхь зрагъэз сабий телефоныр къэралым и жылагъуэ пункт дэтхэнэми къыщагъэсэбэп хъунущ.

Дзыхь зрагъэз сабий телефонымкIэ зыкъызэрыхуагъазэ дэтхэнэми хэплъэнущ. Сабийхэм, ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ гурагъэIуэнущ сабий, адэ-анэ, унагъуэ, нэгъуэщI зэхущытыкIэхэм ехьэлIа хуитыныгъэ Iуэхухэр зэфIэхыным. Iэмалыншэ хъумэ, психологие псынщIэ, нэгъуэщI дэIэпыкъуныгъэхэр иратынущ.

Дзыхь зрагъэз сабий телефоным псэлъэныр пщIэншэщ. Телефон номерхэр Урысей МВД-м и щIыналъэ органхэм я сайтхэм къыщагъэлъэгъуэнущ.

Ар иухынущ Сабийхэр хъумэнымкIэ дунейпсо махуэм нэсыху ирагъэкIуэкIыну балигъ мыхъуахэм я хуитыныгъэхэм теухуауэ драгъэкIуэкIыну чэнджэщ IуэхугъуэмкIэ. Лекцэхэр, зэпсэлъэныгъэхэр, «стIол хъурейхэр», «бжэ зэIухахэр» школхэм, еджапIэ IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм, сабий унэхэм, школ-интернатхэм, балигъ мыхъуахэр пIалъэкIэ щаIыгъ центрхэм щекIуэкIынущ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и дзыхь зрагъэз и сабий телефоныр - 49-50-39.

Урысейм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и пресс-центр.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Табыщ Динарэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2, 4-нэ)*, **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 3-нэ)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.687 ● Заказ №952